



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 4 jen 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TRANSFÒMASYON INOVASYON TEKNOLOJI AK REZO KOMÈSYALIZASYON
POU LOJE NAN KEY CENTER**

Lokatè prensipal IBM pou kreye 500 nouvo djòb enfòmasyon teknoloji nan kè anba lavil Buffalo

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Inovasyon Enfòmasyon Teknoloji Buffalo ak rezo Komèsyalizasyon, avèk IBM kòm premye lokatè prensipal, pral loje nan Key Center nan anba lavil Buffalo. Pwojè a pral fòme pwofesyonèl IT yo, edike nouvo pèsonèl IT grasa patenarya avèk State University of New York (SUNY), ak devlope pwochen jenerasyon lojisyeèl IT ki nesèsè pou kondwi dekouvèt modèn nan domèn rechèch molekilè, jenomik, efikasite enèji ak defans. Inovasyon IT ak rezo komèsyalizasyon finanse avèk yon envestisman \$55 milyon dola ki soti nan inisyativ Buffalo Bilyon Gouvènè a.

“Lè yo chwazi Key Center kòm kay pou pwojè vizyonè sa a, nap konfime Buffalo tankou yon pwen fokal avansman rechèch ak komèsyalizasyon,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Sant devlopman lojisyeèl de pwent sa—ansanm avèk de lòt sant inovasyon ak komèsyalizasyon nou yo ki santre sou teknoloji medikal ak enèji pwòp – ap pozisyonè pati lwès New York kòm yon lidè nan endistri wo teknoloji ak yon pyonyè nan nouvo dekouvèt. Mwen kontan pou n wè rezo komèsyalizasyon ak inovasyon IT ki site nan anba lavil Buffalo, e nap rete tann pou n wè l kòm yon motè pou travay ki byen peye yo ak envestisman prive pou ane kap vini yo.”

Key Center te chwazi apre yon pwosesis konpetitif RFP ki jere pa Konpayi Devlopman McGuire. RFP a te pibliye nan dat 25 avril avèk yon dat repons 2 Me. Apre yo te fin resevwa sèt repons yo, Konpayi Devlopman McGuire te rekòmande pre-seleksyon twa nan sèt repondan yo ki te apresya entèvyouve endividyèlman nan Buffalo nan vandredi, 30 Me.

James F. Dentinger, Prezidan Konpayi Devlopman McGuire, LLC te deklare, “McGuire Development Company ap pwospere avèk sit ki seleksyonè yo pou Inovasyon Enfòmasyon Teknoloji Buffalo ak Rezo Komèsyalizasyon. Nou te resevwa anpil repons enkwayab ak kreyatif a RFP nou an. Pwosesis rechèch detaye nou an te demontre fòs pwopriyete lokal nou yo e li te revele yon mache ki konpetitif anpil ak respektab. Nou kwè ke Key Center pral sèvi kòm kay ideyal pou IBM ak lòt konpayi wo teknoloji yo kap

Haitian Creole

chèche antre nan opòtinite enkwaj Gouvènè Cuomo ap ede kreye la nan Lwès New York ak nan Vil Buffalo.”

Kòm yon pati nan devlopman sa a, IBM pral lokalize 500 nouvo djòb enfòmasyon teknoloji nan rezo a nan anba lavil Buffalo. Rezo a pral fonksyone tankou yon leman pou konpayi adisyonèl IT yo an patenarya avèk Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal pati lwès New York (WNYREDC), Sant Done Eta, College Nanoscale Science and Engineering (CNSE) ak Inivèsite nan Buffalo.

Jan li te anonse anvan pa Gouvènè a, Eta New York pral angaje \$55 milyon dola atravè CNSE pou itilize nan Inovasyon Enfòmasyon Teknoloji Buffalo ak rezo komèsyalizasyon. Sa a gen ladan \$15 milyon dola pou etabli yon etablisman inovasyon ouvè ak \$40 milyon dola pou achte ekipman ak lojisyèl IT. Rezo a pral posede pa Eta New York ak resous li yo pral disponib pou tout inite IT yo nan tout ajans eta yo.

Dr. Alain Kaloyeros, Vis Prezidan ak PDG SUNY College Nanoscale Science ak Engineering te deklare, “Avèk yon gwo sit ki te idantifye kounye a pou Rezo Komèsyalizasyon ak Inovasyon IT Buffalo, patenarya piblik-prive nou an kapab egzekite manda Gouvènè Cuomo pou devlope ekosistèm wo teknoloji ki pral kreye nouvo opòtinite biznis wo teknoloji, dinamik nan Buffalo ak nan lwès New York, ak garanti travay yo nan 21 yèm syèk la a sitwayen li yo. Avèk yon premye patnè prensipal tankou IBM, Gouvènè Cuomo te fè yon vrè peyizaj nan chanje opòtinite yo la pou anpil deseni kap vini yo.”

Howard Zemsky, WNYREDC Ko-prezidan ak asosye direktè nan Larkin Devlopman Gwoup, te deklare, “Gen tou senpleman yon mo pou pi byen dekri kisa vizyon Gouvènè Cuomo te atenn pou pwogrè rejyon nou an. Konstwi avèk sajès sou fòs orijinè ak nan tire pati sou investisman stratejik eta, Gouvènè a te atire biznis klas mondyal a tout pwojè ki emèje nan rezo Buffalo e nou reyèlman ap fè ke kòmmanse. Sa a se yon moman enteresan pou Buffalo ak pati lwès New York e Gouvènè a te di l klèman ke li pap repoze jiskaskè ekonomi nou an reflekte investisman an ak kreyasyon travay ak lòt pwojè yo pral pote ba nou. Nou nan vrè direksyon an, fondasyon Gouvènè a te etabli a solid e li se yon rezilta pi bon jou ki devan nou.”

IT Innovation and Commercialization Hub fè pati angajman alontèm Gouvènè a nan Rejyon Lwès New York. Buffalo Medical Innovation and Commercialization Hub ki te anonse anvan sa sou Kanpis Medikal Buffalo Niagara ak High-Tech Innovation and Commercialization Hub Buffalo nan RiverBend ap travay sou pwòp chemen devlopman pa yo, pou ede konsolide ak divèsifye espansyon ekonomi wot teknoloji rejyon an. Atravè inisyativ Buffalo Billion an ak twa seri finansman atravè WNYREDC yo, Eta a envesti plis pase \$600 milyon nan Buffalo ak Rejyon Lwès New York. Estrateji santre sa fèt pou l kreye kalite dyòb kap pote transfòmasyon ki pral jenere kwasans ekonomik nan rejyon an pou jenerasyon kap vini yo.

Enfòmasyon sou IBM

IBM se yon konpayi global teknoloji ak konsiltasyon entegre ki baze nan Armonk, New York. Avèk operasyon nan plis pase 170 peyi, IBM te atire ak kenbe kèk nan moun ki gen plis talan nan mond lan pou ede rezoud pwoblèm yo ak bay yon kwen pou biznis, gouvènman ak non-pwofi yo.

Haitian Creole

Inovasyon se nan nwayo estrateji IBM. Konpayi an devlope ak vann lojisyèl ak sistèm materyèl ak yon laj evantay enfrastrikti, cloud ak sèvis konsiltasyon.

Jodia, IBM konsantre sou kat inisyativ kwasans-- biznis analitik, cloud enfòmatrik, kwasans mache ak Smarter Planet. IBM ap travay avèk kliyan yo nan mond lan pou aplike teknoloji konsiltasyon biznis lan ak ekspètiz R&D pou devlope sistèm kap pèmèt òganizasyon efikas ak dinamik, pi bon transpòtasyon, manje ki pi ansekirite, dlo ki pi pwòp ak popilasyon ki pi ansante.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418